



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 21 oktòb 2013

**GOVERNOR CUOMO ANKOURAJE ADOLESAN YO POU YO PA TÈKS PANDAN Y AP KONDWI MACHIN
KÓM YON PATI NAN SEMÈN SANSIBILIZASYON NASYONAL SOU ADOLESAN YO K AP KONDWI MACHIN**

***Dènye Lwa yo sou Distraksyon nan kondwi machin ak Sèvis Kontwòl Adolesan k ap kondwi kapab ede
Jèn Chofè yo rete ansekirite***

Yo te bay preske 28,000 tikè pou distraksyon ki gen rapò a kondwi machin depi 4 Jiyè

Jodi a govènè Andrew M. Cuomo te raple chofè adolesan ak paran yo sou danje ki genyen nan distraksyon pandan y ap kondwi ak enpòtans pou pratike bon abitud sekirite pandan y ap kondwi kòm yon pati nan Semèn Sansibilizasyon Nasyonal sou Chofè Adolesan yo. Konbine avèk efò ki gen ladann lwa ki te adopte dènyèman sou distraksyon pandan y ap kondwi machin, yon represyon pandan ete a sou distraksyon pandan y ap kondwi, ak sèvis kontwòl pou paran yo, kanpay sansibilizasyon nasyonal sa ka kenbe adolesan yo ak lòt moun san danje sou wout New York yo. Nan kòmansman mwa janvyè 2013, te genyen 331,000 chofè ki ant laj 16 a 19 ane nan New York.

“Semèn sa a, Eta New York te patisipe nan yon efò nasyonal pou kenbe chofè adolesan yo ansekirite sou wout la, sa vle di asire ke yo kondwi avèk prekosyon pou pwoteje tèt yo ak lòt moun.” Gouvènè Cuomo te deklare. “Statistik yo montre ke aksidan kolizyon machin se koz nimewo en lanmò ant moun ki laj 16- 24- ane, epi pifò aksidan yo rive pandan premye sis mwa yo gen lisans pou kondwi machin nan. Se poutèt sa se responsabilite nou antan ke paran ak gadyen pou nou bay bon abitud kondwi machin ansekirite a adolesan nou yo ki fenk ap kondwi dèyè volan epi poukisa Eta New York pa twò lontan desa te ogmante penalite pou chofè ki distrè yo, avèk yon aksan sou nouvo chofè yo. Lè yo makonnen san eksperyans, pratik danjere tankou voye mesaj tèks pandan y ap kondwi, fè vitès oswa kondwi sou enfliyans alkòl ka mennen a konsekans terib ak irevokab. Kidonk semèn sa a, Mwen ankouraje chofè adolesan New York yo pou mete senti sekirite yo, kite zye nou fikse sou wout la, epi nou dwe responsab – sa kapab sove lavi yo.”

Nan mwa jiyè ki sot pase a, gouvènè Cuomo te siyen yon lwa pou enpoze kèk sanksyon sou chofè yo ki gen lisans pwobasyon ak lisans jinyò pou yo pa tèks pandan y ap kondwi ak itilize yon telefòn selilè yo kenbe nan men ke yo te resevwa pou eksè vitès avèk neglijans pandan y ap kondwi: 60-jou sispansyon pou premye ofans lan (pou lisans jinyò) oswa 6 mwa (pou lisans pwobasyon) pou enfraksyon repete nan lespas 6 mwa de dat yon lisans te restore aprè li te sispann. Nan mwa jen, Gouvènè a te òdone DMV pou

Haitian Creole

I ogmante kantite pwen ki chaje kont dosye chofè yon moun apre enfraksyon kote moun sa t ap tèks pandan l ap kondwi ak enfraksyon ki gen rapò a telefòn selilè de twa a senk pwen pou chofè tout laj. Efò yo te kontinye depi represyon nan ete sa a sou distraksyon nan kondwi, sa ki te kòmanse nan fen semèn konje 4 jiyè a jiska fen semèn konje jou travay la. Depi 4 Jiyè 2013, lapolis Eta New York te bay 27,895 tikè a chofè ki distrè yo.

Gouvènè a te egalman mete anplas 91 zòn espesyal “pou tèks” pou bay chofè yo yon kote pou yo estasyon ak pou yo itilize aparèy elektwonik yo. Siyalizasyon disponib nan tout wout Eta New York ak otowout yo pou fè chofè yo sonje ki kote zòn yo lokalize.

Depatman Veyikil a Motè Eta (DMV) te ede paran yo egalman siveye adolesan yo atravè Sèvis Notifikasyon Evènman Elektwonik Adolesan yo (Teen Electronic Event Notification service (TEENS). TEENS se yon sèvis volontè gratis ki notifiye paran oswa gadyen an de yon minè ki anba laj 18 ane, nan ka yon konviksyon, sispansyon, revokasyon oswa aksidan ki ta parèt sou dosye lisans minè a, oswa si minè a te resevwa yon tikè. Paran yo kapab enskri pou sèvis sa sou sit entènèt DMV (www.dmv.ny.gov).

Daprè yon resan etid pa Lopital Timoun nan Philadelphi, 75 pousan nan ka aksidan grav yo ki gen ladann adolesan te koze pa yon erè grav chofè adolesan yo. Twa erè ki pi komen yo se – kondwi a twòp vitès pou kondisyon wout yo, distraksyon, ak yo pa anmezi pou detekte yon danje – sa reprezante preske mwatye nan tout aksidan grav yo.

Nou envite paran yo pou yo bay adolesan yo kritik ki konstrikatif ak anseye yo teknik ki annaprè yo pou prevni twa erè komen yo ki mennen a aksidan adolesan yo:

1. Jesyon Vitès: Ankouraje adolesan yo pou toujou swiv vitès limit la. Yo dwe aprann ajiste vitès nan zòn ki konjesyone ak zòn rezidansyèl yo, lè gen move tan ak sou wout ki pa byen eklere yo.
2. Rekonèt ak evite distraksyon: Limite kantite pasajè adolesan yo nan yon machin adolesan ap kondwi, ranfòse lwa pou pa itilize telefòn selilè oswa aparyèy elektwonik epi bese volim radyo a.
3. Kontwole danje yo: Obsève ozalantou akote devan machin nan, kidonk ka gen ase tan pou reyaji ak evite yon aksidan potansyèl.

“Etid yo te montre adolesan ki gen paran k ap kontwole aktivman konpòtman yo pandan y ap kondwi ak ede yo devlope teknik kondwi ki san danje yo gen mwatye chans pou gen aksidan, 71 pousan gen mwens chans pou kondwi pandan yo entoksike ak 30 pousan gen mwens chans pou itilize yon telefòn selilè pandan y ap kondwi,” te deklare Barbara J. Fiala, Komisè Depatman Sikilasyon Machin ak Prezidan Komite Trafik San danje Gouvènè a. “Menm adolesan yo gen 50 pousan plis chans pou mete senti sekirite ak fè mwens vitès lè y ap kondwi.”

Pou plis konsèy sou kondwi machin ansekirite ak enfòmasyon pou adolesan ak paran yo, vizite sit entènèt pou Biwo Jèn Chofè a nan dmv.ny.gov/youngerdriver/. Ou ka jwenn plis enfòmasyon lè w vizite dmv.ny.gov ak www.safeny.ny.gov.

Haitian Creole

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418